**O’ZBEKISTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

**TARIYX HA’M HUQUQ FAKULTETI**

**HUQUQTANIW KAFEDRASI**

# REFERAT JUMISI

***Tema: Aktsionerlik ja’miyetinin’ uliwma jiynalisi***

**KORPORATIV HUQI’Q PA’NI**


**İlimiy basshı:** **Sh.Shamshetov**
Huqiqtaniw kafedrasi docenti, yuridika ilimleri kandidati

**Orınlag’an:** **Yu.Erjanov**
yurisprudenciya qa’niygeligi
4-kurs studenti


**No’kis - 2014.**

Tema: Aktsionerlik ja'miyetinin' uliwma jiynalisi

Reje:

Kirisiw

I Bap. Aktsionerlik ja'miyetinin' uliwma jiynalisina uliwmaliq huqiqiy sipatlama

1§ Uliwma jiynalisti o'tkeriwge tayarliq basqishinin' huqiqiy tiykarlari

2§ Uliwma jiynalis qararlarin qabil etiwde aktsionerlerdin' qatnasi ha'm ma'jlis bayannamasin du'ziw ta'rtibi

II Bap. Aktsionerlik ja'miyetinin' uliwma jiynalisin o'tkeriw menen baylanisli korporativ dawlar ha'm olardin' qararlari u'stinen shag'im etiw tiykarlari.

Juwmaqlaw.

Paydalanilg'an a'debiyatlar.

Slaydlar.

Kirisiw

Bul berilgen aktsionerlik ja'miyetinin' uliwma jiynalisi temasinda en' da'slep aktsionerlik ja'miyetinin' uliwma jiynalisinin' tu'sinigi, bul jiynalistin' qurami, oni o'tkeriw ta'rtibi ha'm basqishlari, olardi ta'rtiplestirip turiwshi huqiqiy tiykarlari menen tanisip o'tesiz. Bunnan keyin bul temada ja'ne uliwma ma'jliste aktsionerlerdin' qatnasinin' ma'selesi, ma'jlisti alip bariw ta'rtibi qanday ekenligin, ma'jlistin' bayannamasi oni du'ziwshi sebektler haqqinda da usi temada toqtalip o'tiledi.

Bul temanin' II babinda tiykarinan aktsionerlik ja'miyetinin' uliwma jiynalisin o'tkeriw menen baylanisli korporativ dawlar tu'sinigi ha'm usi aktsionerlik ja'miyetinin' uliwma jiynalisi ta'repinen qabil etilgen qarardin' u'stinen shagim etiw siyaqli tu'siniklerdi o'z ishine aladi. Uliwma ma'jlisti alip bariwda usi jiynalistin' sekretariyatinin' tutqan orni ayriqsha a'hmiyetke iye bolip, usi temada usi atamalarg'a da toqtalip o'tilip olar haqqinda ken' tu'rde mag'liwmatlardi o'z ishine aladi. Aktsionerlerdin' uliwma jiynalisi menen bir qatarda bul temada usi jiynalisti o'tkeriwge qatnasi bolg'an baqlaw ken'esi haqqinda da toqtalip o'tildi. Sebebi ayrim tu'rdegi aktsionerlik ja'miyetinin' jiynalislarin o'tkeriw wa'killikleri usi baqlaw ken'esine de berilgenligi sebepli uliwma jiynalis haqqinda toqtalg'anda bul tu'sindirmeni de berip o'tiw lazim dep taptim.

Uliwma alg'anda aktsionerlik ja'miyetinin' uliwma jiynalisi temasin joqarida ko'rsetilgen rejege muwapiq halda izbe-iz tu'rde onin' mazmunin ashíp beriwge ha'reket ettim. Bul tema menen tanisip shigiw arqali sizlerde usi aktsionerlik ja'miyetinin' uliwma jiynalisi ne?, ol qalay sho'lkemlestiriledi?, onin' sho'lkemlestiriwshileri kimler? Qanday huqiqiy normalar menen ta'rtiplestiriledi? Siyaqli basqa da sorawlarg'a usi jazip o'tilgenler tiykarinda juwaplar ala alasiz dep esaplayman.

# I Bap. I Bap. Aktsionerlik ja'miyetinin' uliwma jiynalisina uliwmaliq huqiqiy sipatlama

## 1§ Uliwma jiynalisti o'tkeriwge tayarliq basqishinin' huqiqiy tiykarlari

Nizamg'a muwapiq aktsionerlerdin' uliwma jiynalisi aktsionerlik ja'miyetinin' joqari organi bolip esaplanadi. Bul to'mendegi eki sebep boyinsha ju'zege keledi:

- bul aktsionerlik ja'miyeti iyeleri yaki aktsionerler qatnasatug'in organ;
- bul aktsionerler tikkeley korporatsiyani basqariwi ha'm o'zlerinin' ma'plerin a'melge asiriwi mu'mkin bolg'an organ.

Tek uliwma ma'jlis g'ana ja'miyetti basqariw ta'rtibin belgileydi, ustavqa o'zgeris ha'm qosimshalar kiritiw, korporatsiyanin' mal-mu'lki ha'm uliwma ja'miyettin' tagdirin sheshiw wa'killigine iye boladi. Aktsonerlik ja'miyetinin' uliwma jiynalisi bul aktsionerlik ja'miyetin basqariwdin' da'stu'riy, tekserilgen, tariyxiy joqari organi bolip esaplanadi.

1996-jil 26-aprelde qabil etilgen "Aktsionerlik ja'miyetleri ha'm aktsionerlerdin' huqiqlarin qorg'aw haqqinda" g'i O'zbekstan Respublikasi Nizaminda uliwma ma'jlistin' wa'killikleri, oni shaqiriw ta'rtibi, qararlardi qabil etiw ta'rtibi siyaqli qag'idalar bekkemlengen.[1]

Uliwma ma'jlis nizam menen belgilengen uliwmaliq wa'killikke iye boladi. Bunin' ma'nisi sonda, uliwma ma'jlis o'zinin' uliwmaliq wa'killikleri shen'berine kirgen ma'selelerdi basqa basqariw organlarina beriw huqiqina iye bolmaydi. Bul "aktsionerlik ja'miyetleri ha'm aktsionerlerdin' huqiqlarin qorg'aw haqqinda" gi nizamnin' 65-statyasinda belgilengen.[2]

Uliwmaliq wa'killiklerge to'mendegilerde kiredi:

- ja'miyetti tamamlaw komissiyasin tayinlaw ha'm araliq ha'm juwmaqlawshi tamamlaw balanslarin tastiqlaw;

---

[1] "Aktsionerlik ja'miyetleri ha'm aktsionerlerdin' huqiqlarin qorg'aw haqqinda" g'i O'zbekstan Respublikasi Nizam, 1996 jil, 26-aprel.

[2] "Aktsionerlik ja'miyetleri ha'm aktsionerlerdin' huqiqlarin qorg'aw haqqinda" g'i O'zbekstan Respublikasi Nizamnin' 65-statyasi, 1996 jil, 26-aprel.

- ja’miyettin’ baqlaw ken’esinin’ quramin belgilew, onin’ ag’zalarin saylaw ha’m olardin’ wa’killigin mu’ddetinen burin toqtatiw;
- jaryalang’an aktsiyalardin’ en’ ko’p mug’darin belgilew;
- ja’miyettin’ ustav fondin ko’beytiw ha’m oni kemeytiw;
- o’z aktsiyalarin qaytarip satip aliw;
- ja’miyettin’ auditorin tastiqlaw;
- ja’miyettin’ jilliq esabatlarin, balanslari, da’ramat ha’m qa’rejet esabatlarin tastiqlaw ha’m iri pitimler du’ziw ha’m basqalar.

Nizamda uliwma ma’jlistin’ eki tu’ri belgilengen: jilliq (esabat) ha’m aktsionerlerdin’ na’wbetten tisqari uliwma jiynalisi. Aktsionerlerdin’ uliwma esabat jiynalisi ja’miyet ustavinda belgilengen mu’ddetlerde, biraq finans jili tamamlang’annan keyin ko’bi menen alti ay ishinde o’tkeriledi.

Aktsionerlik ja’miyetinin’ jilliq esabat jiynalisinda ja’miyettin’ jilliq esabati, buxgalteriyaliq balansi, da’ramat ha’m qa’rejetlerdin’ jilliq esap-kitabi, da’ramat ha’m ziyanlardin’ bo’listiriliwi, ja’miyettin’ baqlaw ken’esi ha’m tekseriw komissiyasin saylaw, ja’miyettin’ auditorin tastiqlaw ma’selesi ma’jbu’riy ta’rtipte ko’rip shig’iliwi kerek.

Aktsionerlik ja’miyetinin’ jilliq jiynalisti o’tkeriwge ma’jbu’r bolsa da, nizamda jilliq ma’jlisti o’tkeriw mu’ddetlerin buzg’anliq yaki bir neshe jil oni o’tkermegenlik ushin ja’miyet yaki onin’ lawazimli shaxslarinin’ juwapkershiligi ma’selesi belgilenbegen.

Aktsionerlerdin’ uliwmaliq jiynalislari jilliq penen bir qatarda na’wbetten tisqari ta’rizde de o’tkeriledi. Bunday na’wbetten tisqari ma’jlislerdi shaqiriw ha’m o’tkeriw ushin aktsionerlik ja’miyetinin’ baqlaw ken’esi juwapker boladi. Nizamnin’ 72-statyasinda ko’rsetiliwi boyinsha, aktsionerlerdin’ na’wbetten tisqari jilliq jiynalisi aktsionerlik ja’miyetinin’ baqlaw ken’esinin’ qarari menen onin’ o’z baslamasi menen, aktsionerlik ja’miyettin’ tekseriw komissiyasinin’ talabina muwapiq, sonday aq talap

usinilg’an sa’nede ja’miyettin’ dawis beriwshi aktsiyalarinin’ keminde 10% ne iye bolg’an aktsionerlerdin’ talabi menen o’tkeriledi.[3]

Uliwma jiynalista aktsionerlik ja’miyetin basqariw tikkeley dawis beriw arqali a’melge asiriladi. Bunda bir aktsiya bir dawis printsipi a’mel etedi, yag’niy aktsionerlik ja’miyeti ta’repinen neshe apiwayi aktsiya shig’arilg’an bolsa, sonsha dawis bar boladi, demek shaxsta qansha ko’p aktsiya bolsa, ol sonsha ko’p dawisqa iye boladi ha’m ta’biyiy tu’rde ma’jliste onin’ o’z pikirin o’tkeriwge sonsha ko’p imkaniyat bar boladi.

Biraq nizamnin’ 66-statyasi ekinshi bo’liminde na’zerde tutilg’an bir neshe dawisqa iye bolg’an imtiyazli aktsiyalar da shig’ariliwi mu’mkin. Dawis beriwde qarar ko’pshilik dawis penen qabil etiledi.[4]

A’dette, aktsionerlerdin’ uliwma jiynalisinda a’piwayi aktsiyalardin’ iyeleri qatnasiw huqiqina iye boladi. Imtiyazli aktsiya iyeleri olardin’ bunday qatnasi ja’miyet ustavinda na’zerde tutilg’an hallarda g’ana dawis beriwde qatnasadi. Imtiyazli aktsiyalar ku’n ta’rtibine qoyilg’an to’mendegi ayriqsha ma’seleler boyinsha turaqli tu’rde dawis beriw huqiqina iye boladi:

- ja’miyetti qayta sho’lkemlestiriw yaki tamamlaw ma’selesin sheshiwde;
- ja’miyettin’ ustavina imtiyazli aktsiya iyelerinin’ huqiqlarin sheklew menen baylanisli o‘zgeris ha’m qosimshalar kiritiw ma’selesin sheshiwde.

Dawis beriw ju’zbe-ju’z yaki sirttan o’tkeriliwi mu’mkin. Ju’zbe-ju’z dawis beriw aktsialar yaki olardin’ wa’killerinin’ ma’jlist tikkeley qatnasiwi arqali, sirttan dawis beriw aktsionerlerdin’ o’zlerinin’ pikirlerin bildiretug’in byulletenler sorawi arqali o’tkeriledi. Uliwma ma’jlistin’ uliwmaliq wa’killigi shen’berine kiretug’in ma’seleler tek aktsionerlerdin’ tikkeley qatnasiwi arqali sheshiliwi lazim.

Aktsionerlerdin’ uliwma ma’jlisin o’tkeriwdi u’sh basqishqa bo’lemiz:

- uliwma ma’jlisti o’tkeriwge tayarliq basqishi;

---

[3] “Aktsionerlik ja’miyetleri ha’m aktsionerlerdin’ huqiqlarin qorg’aw haqqinda” g’i O’zbekstan Respublikasi Nizamnin’ 72-statyasi, 1996 jil, 26-aprel.

[4] “Aktsionerlik ja’miyetleri ha’m aktsionerlerdin’ huqiqlarin qorg’aw haqqinda” g’i O’zbekstan Respublikasi Nizamnin’ 66-statyasi,2-bo’lim 1996 jil, 26-aprel.

- aktsionerlerdin’ qararlardi qabil etiwde qatnasiwi basqishi;
- dawislardi esaplaw ha’m ma’jlis bayannamasin du’ziw basqishi.

Aktsionerlerdin’ uliwma ma’jlisin o’tkeriwge tayarliq aktsionerlik ja’miyetinin’ baqlaw ken’esi ta’repinen a’melge asiriladi. Onin’ tiyarg’i maqseti- aktsionerler ta’repinen olardin’ nizamli huqiqlari bolg’an aktsionerlik ja’miyetin basqariw ushin sharayatlardi ta’minlewden ibarat. Uliwma ma’jlis to’mendegilerdi o’z ishine aladi:

- aktsionerlerdin’ uliwma jiynalisi o’tkeriletugin sa’ne, orin ha’m waqit;
- aktsionerlerdin’ uliwma jiynalisinin’ ku’n ta’rtibi;
- aktsionerlerdin’ uliwma jiynalisinda qaytnasiw huqiqina iye bolg’an aktsionerlerdin’ dizimi du’ziletug’in sa’ne;
- aktsionerlerdin’ uliwma jynalisi o’tkeriliwi haqqinda aktsionerlerge xabar etiw ta’rtibi;
- aktsionerlerdin’ uliwma jiynalisi o’tkeriliwine tayarliq ko’rilip atirg’anda aktsionerlerge beriletugin materiyallar dizimi;
- byulleten menen dawis beriletug’in bolsa, dawis beriw byulleteninin’ formasi ha’m teksti.

Bunda ma’jlisti shaqiriw a’hmiyetke iye. Jilliq ma’jlistin’ tiykargi maqseti tiykarinan aktsionerlerge jilliq esabat ha’m ja’miyettin’ iskerliginin’ sapasi haqqindagi basqa xabarlardi beriw bolip esaplanadi. Jilliq finansliq esabatlardi tastiqlaw, aktsionerler ja’miyeti ustav kapitalin o’zgertiw haqqindagi ma’seleler aktsionerler uliwma jiynalisi ku’n ta’rtibinin’ tiykargi ma’selelerinen bolip esaplanadi.

Na’wbetten tisqari ma’jlisler aktsionerlerdin’ uliwma jiynalisi uliwmaliq wa’killigine kiretugin ma’seleler boyinsha aktsionerlerdin’ erkin aniqlaw maqsetinde baqlaw ken’esinin’ baslamasi, tekseriw komissiyasi yaki ja’miyet auditorinin’ talabi yaki talap berilgen sa’nede ja’miyettin’ dawis beriwshi aktsiyalarinin’ keminde 10% ne iye bolg’an aktsionerlerdin’ talabi menen shaqiriladi.

Jilliq ma’jlis ku’n ta’rtibin islep shig’iwda aktsionerlik ja’miyettin’ keminde 1% dawis beriwshi aktsiyasina iye bolg’an aktsionerler qatnasiwi mu’mkin.[5]

Ja’miyet aktsionerleri (aktsioneri) ja’miyettin’ finans jili tamamlang’annan keyin uzagi menen 30 ku’n mu’ddet ishinde eger ja’miyet ustavinda bunnan uzagiraq mu’ddet ko’rsetimegen bolsa, aktsionerlerdin’ jilliq uliwma ma’jlisi ku’n ta’rtibine ma’seleler kiritiwge ha’m de ja’miyet baqlaw ken’esi ha’m ja’miyettin’ tekseriw komissiyasina bul organnin’ mug’dar quraminan aspaytugin tu’rde talabanlar ko’rsetiwge haqli.

Aktsionerlik ja’miyetinin’ baqlaw ken’esi kelip tu’sken usinislardi ko’rip shigiwi ha’m olardi aktsionerlerdin’ uliwma jiynalisinin’ ku’n ta’rtibine kiritiw haqqindagi yaki kiritiwden bas tartiw haqqindagi qarar qabil etiwi sha’rt. Nizamda ma’sele ku’n ta’rtibine kiritilmeytugin to’mendegi sebepler ko’rsetilgen:

- aktsioner usinis kiritiw mu’ddetine a’mel etpegen bolsa;
- aktsioner 1% mug’dardagi ja’miyettin’ dawis beriwshi aktsiyalarinin’ iyesi bolmasa;
- usinis nizamshiliqqa say bolmasa;
- usinis tiykarlandirilmag’an, kiritilgen usinislarda talabanlardin’ ati, egerde talaban ja’miyettin’ aktsioneri bolsa, og’an tiyisli aktsiyalardin’ sani ha’m tu’ri ko’rsetilmegen bolsa.

Na’wbetten tisqari ma’jliste ku’n ta’rtibi ma’seleleri na’wbetten tisqari ma’jlis o’tkeriw talabi menen birgelikte kiritiledi. Sebebi usi kiritilip atirg’an ma’selege qarap na’wbetten tisqari ma’jlis shaqiriladi. Bunda ku’n ta’rtibine ma’seleler kiritiw usinisi baqlaw ken’esi, aktsionerler, tekseriw komissiyasi ha’m auditor ta’repinen kiritiliwi mu’mkin. Na’wbetten tisqari ma’jlisti shaqiriw huqiqina iye bolg’an shaxslar ( tekseriw komissiyasi, ja’miyettin’ keminde 10% dawis beriwshi aktsiyasina iye bolg’an aktsionerler) ma’jlisti

[5] “Aktsionerlik ja’miyetleri ha’m aktsionerlerdin’ huqiqlarin qorg’aw haqqinda” g’i O’zbekstan Respublikasi Nizamnin’ 69-statyasi, 1996 jil, 26-aprel.

o’tkeriw haqqindagi talabinda ku’n ta’rtibine kiritiw lazim bolg’an ma’selelerdi tiykarlari menen ko’rsetedi.

Bunda baqlaw ken’esi na’wbetten tisqari ma’jlis ku’n ta’rtibine kiritilgen ma’selelerge o’zgeris ha’m qosimshalar kiritiw huqiqina iye bolmaydi. Usinis kelip tu’skennen keyin 10 ku’n mu’ddet ishinde baqlaw ken’esi na’wbetten tisqari ma’jlisti shaqiriw yaki oni shaqiriwdi ra’t etiw haqqinda qarar shig’ariwi kerek.

Aktsionerler ta’repinen kiritilgen usinislarg’a tiykarlang’an halda baqlaw ken’esi jilliq ma’jlistin’ ku’n ta’rtibin tastiqlaydi.

Aktsionerlerdin’ uliwma jiynalisin o’tkeriw haqqindagi xabar aktsionerlerge olardin’ atina jazba xabarnama jiberiw ha’m baspa so’zde tiyisli xabar jaryalaw arqali ma’lim etiledi. Xabar poshta arqali yaki aktsionerlerdin’ qolina tapsiriw arqali (imza qoyiw arqali) jiberiliwi mu’mkin. Uliwma jiynalis o’tkeriliwi haqqinda aktsionerlege xabar etiw mu’ddeti ja’miyet ustavinda belgilep qoyiladi.

Aktsionerler uliwma jiynalisin o’tkeriw haqqindagi xabarda ko’rsetiliwi lazim bolg’an mag’liwmatlar to’mendegiler bolip esaplanadi:

- ja’miyettin’ ati ha’m jaylasqan orni;
- aktsionerlerdin’ uliwma jiynalisi o’tkeriletugin sa’ne, waqit ha’m orin;
- uliwma jiynalista qatnasiw huqiqina iye bolg’an aktsionerler dizimi du’zilgen sa’ne;
- uliwma jiynalistin’ ku’n ta’rtibine kiritilgen ma’seleler;
- uliwma jiynalisti o’tkeriwge tayarliq ko’riwde aktsionerlerge beriliwi lazim bolg’an materiyallar menen aktsionerlerdi tanistiriw tartibi.

Ma’jlis bolip o’tetugin orin haqqinda aktsionerlerdi aldinnan xabardar etiw za’ru’rligi sebepli, ma’jlis o’tkeriletugin ku’n ma’jlis o’tkeriletugin orindi o’zgertiriwge jol qoyilmaydi.

## 2§ Uliwma jiynalis qararlarin qabil etiwdw aktsionerlerdin' qatnasi ha'm ma'jlis bayannamasin du'ziw ta'rtibi

Aktsionerlik ja'miyetinin' baqlaw ken'esi ta'repinen ornatilatugin sa'nege shekem aktsionerler reestrinde dizimge aling'an barliq aktsionerler aktsionerlerdin' uliwma jiynalisinda qatnasiw huqiqina iye boladi. Aktsionerlerdin' uliwma jiynalisinda qatnasiw huqiqina iye bolg'an aktsionerlerdin' dizimin du'ziw aktsionerler reestrin ju'ritiwshi shaxstin' minneti bolip esaplanadi.

Aktsionerler uliwma jiynalista tikkeley o'zleri yaki jazba tu'rde isenimxat bergen tu'rde o'z wa'killeri arqali qatnasiwi mu'mkin.

Aktsionerlerdin' uliwma ma'jlisi jeterli mug'dardagi dawislar, yagniy qarar qabil etiw ushin aktsiyalar sanin bildiriwshi kvorumg'a iye bolg'an jag'dayda g'ana o'z atinan qarar qabil etiwge haqli boladi. O'zbekstan Respublikasi nizamshiliginda ju'zbe-ju'z dawis beriw ushin keminde 60% (nizamnin' 75-statyasi 1-bo'limi) ha'm sirttan dawis beriw ushin keminde 75% (nizamnin' 67-statyasi 3-bo'limi)[6] kvorum belgilengen. Aktsionerler uliwma jiynalisin o'tkeriw ushin kvorum bolmasa, aktsionerlerdin' jan'adan uliwma jiynalis o'tkeriliw sa'nesi jaryalanadi. Bul jerde nizamda uliwma jiynalis ma'jlisi neshe ret qatarasina qaldiriliwi u'mkinlgi belgilenbegen. Aktsionerlik ja'miyetinin' ja'mi 60% kem bolmag'an dawisqa iye bolg'an aktsionerler (olardin' wa'killeri) dizimge aling'an bolsa bul uliwma jiynalis wa'killikli bolip esaplanadi. Aktsionerlerdin' jan'a uliwma jiynalisin o'tkeriw haqqindagi xabar ol o'tkeriliwinen keshi menen 10 ku'n aldin tarqatiladi.

Uliwma jiynalisti basliq basqaradi. Ol ma'jlisti o'tkeriwde texnikaliq ha'm sho'lkemlestiriw ma'selelerdi a'melge asiratugin jumisshi organlarg'a iye boladi; olardin' qatarina: prezidium, sanaq komissiyasi, sekretariyat kiredi. Uliwma ma'jlistin' prezidiumi ha'm basligi aktsionerlerdin' uliwma

---

[6] "Aktsionerlik ja'miyetleri ha'm aktsionerlerdin' huqiqlarin qorg'aw haqqinda" g'i O'zbekstan Respublikasi Nizamnin' 67-statyasi,3-bo'lim 1996 jil, 26-aprel.

jiynalisinda saylanadi. Bunda baqlaw ken'esi basligi prezidium quramina o'z lawazimi boyinsha kiredi. Aktsionerler uliwma ma'jlisi basligi ma'jlis prezidiumina basshiliq etedi, ma'jlistin' o'tiwin ta'minleydi, o'z minnetlerin tiyisli da'rejede orinlaw ushin barliq wa'killiklerge iye boladi.

Uliwma ma'jlis basligi ma'jlistin' barisina basshiliq etedi, uliwma ma'jlis jumisshi organlarinin' iskerligin muwapiqlastiradi, ma'selelerdi dodalaw ta'rtibin belgileydi, bayanat so'ylewshilerdin' bayanatlari waqtin shekleydi, zalda ta'rtip saqlaniwin baqlaydi, uliwma ma'jlis bayannamasi ha'm qararin imzalaydi.

Uliwma ma'jlis sekretariyati to'mendegilerdi a'melge asiradi:

- uliwma ma'jlistin' barisin dizimge alip baradi;
- ma'jlis ku'n ta'rtibine kiritilgen ma'seleler boyinsha dodalawda qatnasiwdi sorap mu'ra'jet etilgen arzalardin' dizimin ju'ritedi;
- uliwma ma'jlis jabilg'annan keyin keshi menen 15 ku'n mu'ddet ishinde eki nusqada aktsionerler uliwma jiynalisinin' bayannamasin du'zedi.

Dawis beriw "bir aktsiya-bir dawis" printsipi tiykarinda a'melge asiriladi. Dawis beriwdi a'melge asiriw ta'rtibi ja'miyet ustavinda belgilenedi. Bunda dawis beriw byulletenlerdi jiberiw joli menen de a'melge asiriliwi mu'mkin.

Aktsionerlik ja'miyetinin' dawis beriwshi aktsiyalarinin' iyesi bolip esaplaniwshi aktsionerler sani ju'zden artiq bolg'an ja'miyetaktsionerlerdin' uliwma jiynalisinda ku'n ta'rtibi boyinsha dawis beriw tek g'ana dawis beriw byulletenleri arqali a'melge asiriladi.[7]

Eger aktsionerler sani 100den kem bolsa, dawis beriw ta'rtibi ja'miyettin' o'zi ta'repinen belgilenedi. Byulletenlerdin' formasi ha'm teksti ja'miyettin' baqlaw ken'esi ta'repinen belgilenedi. Dawis beriw byulletenleri uliwma ma'jliste qatnasiw ushin dizimge aling'an aktsionerlerge g'ana

[7] "Aktsionerlik ja'miyetleri ha'm aktsionerlerdin' huqiqlarin qorg'aw haqqinda" g'i O'zbekstan Respublikasi Nizamnin' 77-statyasi, 1996 jil, 26-aprel.

beriledi. Byulletende dawis beriwge qoyilg'an ha'r bir ma'sele boyinsha "jaqlayman", "qarsiman" yaki "biyta'reppen" degen mazmundagi so'zler menen an'latilg'an dawis beriw variantlari, aktsioner ta'repinen imzalaniwi kerekligi haqqinda ko'rsetpe sawlelengen boliwi lazim.

Jinalisti o'tkeriw ja'miyet ta'repinen qabil etilgen reglament tiykarinda a'melge asiriladi. A'meliyatta iri jiynalislar o'tkeriwden aldin onin' barisin baqlaw imkanin beretugin tsenariyi islep shigiladi. Ku'n ta'rtibine qoyilg'an ma'selelerdi dodalaw bayanatshinin' shigiwinan baslanadi. Ku'n ta'rtibine qoyilg'an ma'sele boyinsha dawis beriw sol waqittin' o'zinde a'melge asiriliwi lazim.

Aktsionerlerdin' uliwma jiynalisi jiynalis ku'n ta'rtibine kiritilmegen ma'seleler boyinsha qarar qabil etiwge haqli emes.[8]

Sirttan dawis beriw mu'mkinligi na'zerde tutiladi, dawis beriwdin' bunday tu'ri jabiq tu'rdegi aktsionerlik ja'miyetlerine say bolip esaplanadi. Biraq uliwma wa'killikke kiretugin ma'seleler sirtqi dawis beriw arqali sheshiliwi mu'mkin emes. Sirtqi dawis beriw byulletenlerden paydalaniw arqali a'melge asiriladi.

Nizamda ko'rsetiliwinshe, dawis beriwshi aktsiyalar iyelerinin' sani ju'zden artiq bolg'an ja'miyette sanaq komissiyalari du'ziledi, onin' mug'dar ha'm jeke qurami ja'miyetin' baqlaw ken'esinin' usinisi menen aktsionerlerdin' uliwma jiynalisi ta'repinen tastiqlanadi. Sanaq komissiyasinin' wa'killik mu'ddeti aktsionerlerdin' uliwma jiynalisi ta'repinen saylang'an waqittan baslanadi ha'm aktsionerlerdin' tiyisli uliwma jiynalisi ta'repinen jan'a quramdagi sanaq komissiyasi saylang'ang'a shekem ma'jlislerdi o'tkeriw ha'm onin' na'tiyjelerin ra'smiylestiriw boyinsha islerdi orinlaydi. Aktsionerlerdin' aldin'gi uliwma jiynalisi ta'repinen saylang'an sanaq komissiyasi aktsionerlerinin' uliwma jiynalisinda to'mendegi funktsiyalardi a'melge asiradi:

---

[8] "Aktsionerlik ja'miyetleri ha'm aktsionerlerdin' huqiqlarin qorg'aw haqqinda" g'i O'zbekstan Respublikasi Nizamnin' 66-statyasi,8-bo'lim 1996 jil, 26-aprel.

- uliwma jiynalista qatnasiw ushin aktsionerlerdi dizimnen o’tkeredi;
- olar ta’repinen berilip atirg’an isenim xatlar ha’m huqiqlardin’ esabin ju’ritedi;
- dawis beriw ushin byulletenler ha’m uliwma ma’jlis haqqindagi basqa xabarlardi beredi;
- aktsionerler uliwma jiynalisinin’ kvorumi bar yaki joqligin aniqlaydi.

Sanaq komissiyasinin’ qurami keminde u’sh adamnan ibarat boliwi kerek. Sanaq komissiyasi quramina ja’miyet gu’zetiw ken’esinin’ ag’zalari, kolegiyal atqariw organi ag’zalari ha’m usi lawazimg’a talabani ko’rsetiletugin shaxslar kiritiliwi mu’mkin emes.

Aktsionerler ja’miyetinin’ uliwma ma’jlisi o’z jumisin tamamlang’annan keyin eki bayannama: dawis beriw na’tiyjeleri haqqindagi bayannama ha’m aktsionerler uliwma jiynalisinin’ bayannamasi du’ziledi. Dawis beriw na’tiyjeleri boyinsha sanaq komissiyasi dawis beriw na’tiyjesi boyinsha bayannama du’zedi. Aktsionerler uliwma jiynalisi bayannamasi uliwma jiynalis sekretari ta’repinen du’ziledi ham aktsionerler uliwma jiynalisi basligi ha’m sekretari ta’repinen imzalanadi. Bayannamada to’mendegiler ko’rsetiledi:

- aktsionerler uliwma jiynalisi o’tkerilgen orin ha’m waqit;
- ja’miyettin’ dawis beriwshi aktsiyalarina iye bolg’an aktsionerler dawislarinin’ uliwma sani;
- jiynalista qatnasqan aktsionerler iye bolg’an dawislar sani;
- jiynalistin’ basligi (prezidiumi) ha’m xatkeri, jiynalistin’ ku’n ta’rtibi ko’rsetiledi;
- bayanatlardin’ tiykargi mazmuni, dawisqa qoyilg’an ma’seleler ha’m olar boyinsha o’tkerilgen dawis beriw na’tiyjeleri, jiynalis qabil etken qararlar.

Aktsionerler uliwma jiynalisi bayannamasi imzalang’annan keyin sanaq komissiyasi ta’repinen mo’rlenedi ha’m saqlap qoyiw ushin arxivke tapsiriladi. Aktsionerler uliwma jiynalisinda qabil etilgen qararlar usi qarar qabil etilgen

sa'neden baslap 45 ku'nnen kesh bolmag'an mu'ddette aktsionerler itibarina usiniladi.

Eger qararda yaki jiynalis bayannamasinda basqa jag'day belgilengen bolmasa aktsionerler uliwma jiynalisi qararinin' orinlaniwi u'stinen baqlawdi ja'miyettin' baqlaw ken'esi a'melge asiradi. Aktsionerlerdin' uliwma jiynalisi qarari jiynalista qatinasqan yaki qatnaspaganina qaramastan barliq aktsionerler ushin ma'jbu'riy bolip esaplanadi.

## II Bap. Aktsionerlik ja’miyetinin’ uliwma jiynalisin o’tkeriw menen baylanisli korporativ dawlar ha’m olardin’ qararlari u’stinen shag’im etiw tiykarlari.

Korporativ dawlardin’ ko’plegen bo’legi aktsionerler uliwma jiynalisin o’tkeriwge tayarliq ko’riw, oni o’tkeriw, dawis beriw protsessi ha’m uliwma jiynalis ta’repinen qabil qiling’an qararlardi ra’smiylestiriwdegi kemshiliklerge tuwri keledi. Bunday dawlar to’mendegiler tiykarinda kelip shig’adi:

- ayriqsha basshilardin’ aktsionerler uliwma jiynalisi o’tkeriliwin buziw, oni nizamshiliqta belgilengen mu’ddet ha’m qagidalardi buzg’an halda o’tkeriw, aldinnan tastiqlang’an jiynalis ku’n ta’rtibine o’zgeris kiritiw, og’an jiynalis dawaminda jan’a ma’selelerdi kiritiw, za’ru’rli kvorumdi ta’minlemewge ha’reket etiwleri;
- aktsionerler jiynalisi o’tkeriliwi haqqinda xabardar etpeslik ha’m aktsionerler dizimine kiritpeslik siyaqli jollar arqali ol yaki bul aktsionerlerdin’ uliwma jiynalisinda qatnasiwg’a ruxsat bermeslik;
- aktsionerlerdin’ ku’n ta’rtibine kiritilgen ma’seleler boyinsha dawis beriw huqiqin buziw; “bir aktsiya-bir dawis” printsipin buziw;
- baqlaw ken’esi, atqariw organina saylang’an ag’zalardin’ wa’killiklerin nizam ha’m aktsionerlik ja’miyeti ustavi talaplarina qarsi tu’rde bo’listiriw;
- nizamsiz tu’rde jan’a (na’wbetten tisqari) aktsionerler uliwma jiynalisin o’tkeriw.

A’dette uliwma jiynalisti sho’lkemlestiriw ha’m o’tkeriw, sonday aq ol ta’repinen qararlar qabil etiw protsesslerinde nizam ha’m aktsionerlik ja’miyeti ustavi qagidalarinin’ buziliwi olar u’stinen shag’im beriwge sebep boladi.

Misali, nizamda aktsionerlerdin’ ku’n ta’rtibine kiritken ma’selesi ha’mde ja’miyet organlarin saylawda ol ta’repinen dawis beriw dizimine

mirat etilgen talabandi ra’t etiwdin’ qatan’ dizimi keltirilgen. Tiykarsiz bas tartiwlar u’stinen sudqa shag’im etiwi mu’mkin.

Uliwma jiynalista qatnasiw huqiqina iye bolg’an shaxslar dizimin o’z waqtinda du’zbew; jiynalisti shaqiriw ha’m onin’ ku’n ta’rtibi haqqinda aktsionerlerdi o’z waqtinda xabardar etpew yaki jiynalis o’tkeriletugin sa’ne ha’m orindi ko’rsetpesten xabardar etiw; dawis beriw byulletenlerin jibermew yaki o’z waqtinda jibermew; jiynalis qatnasiwshilarin dizimge aliw ta’rtibin buziw; aktsioner miyrasxorin uliwma jiynalisinda qatnasiw huqiqinan ayiriw; dawislardi sanawda jol qoyilg’an nizam buziwlar; uliwma jiynalis ha’m dawis beriw na’tiyjeleri bayannamalarin du’ziw, olardin’ mazmuni ha’m ra’smiylestiriliwi haqqindagi nizam talaplarinin’ buziliwi siyaqlilar u’stinen shagim etiledi.

Aktsionerler uliwma jiynalis o’tkeriliwi mu’na’sebeti menen nizam boyinsha iye boliwi lazim bolg’an xabarlar olarg’a berilmegenligi fakti boyinsha da shagim etiwi mu’mkin.

Aktsionerlik ja’miyetleri haqqindagi nizam buziliwi uliwma jiynalis qararin sud ta’rtibinde haqiqiy emes dep tabiwg’a alip keletugin uliwma jiynalisti shaqiriw ha’m o’tkeriw ta’rtipleri haqqinda jeterli da’rejede toliq ta’rtipke saling’an qagidalarg’a iye. Nizamnin’ 66-statyasi 10-bo’legine tiykar aktsionerler nizam talaplari buzilg’an halda shig’arilg’an uliwma jiynalis qarari yaki basqa huqiqiy hu’jjetler u’stinen eger ol aktsionerler uliwma jiynalisinda qatnaspag’an yaki bunday qarar qabil etiliwine qarsi dawis Bergen ha’m usi qarar arqali onin’ huqiq ha’m nizamli ma’pleri buzilg’an bolsa, sudqa shagim etiw huqiqina iye.[9]

U’stinen shag’im etilip atirg’an uliwma jiynalis qarari aktsionerlik ja’miyetleri haqqindagi nizam basqa huqiqiy hu’jjetler ha’m ja’miyettin’ ustavi normalarin qatan’ tu’rde buzbastan qabil etilgen jag’dayda g’ana sud ta’repinen o’z ku’shinde qaldiriliwi mu’mkin. Nizamshiliq normalarin qatan’

[9] “Aktsionerlik ja’miyetleri ha’m aktsionerlerdin’ huqiqlarin qorg’aw haqqinda” g’i O’zbekstan Respublikasi Nizamnin’ 66-statyasi,10-bo’lim 1996 jil, 26-aprel.

tu'rde buziw aktsionerler ta'repinen shagim etilgen yaki etilmegenine qaramastan, uliwma jiynalis qararin toliq yaki bir bo'legin huqiqiy ku'shinen ayiradi.

Aktsionerler uliwma jiynalisin o'tkeriw menen baylanisli ju'da' ken' tarqalg'an huqiqbuzarliqlardan biri bul uliwma jiynalis haqqinda aktsionerlege xabar bermeslik bolip, bunda a'dette xabar etilmegen aktsionerdin' huqiqlarin buziwshi qararlar shig'ariladi.

Aktsionerler uliwma jiynalis qararlari u'stinen shagim etiw qagidalarinan tisqari aktsionerlik ja'miyetleri haqqindagi nizam ja'miyetinin' baqlaw ken'esi qararlarin haqiqiy emes dep tabiw haqqindagi normalardi da o'zinde sa'wlelendiredi.

Nizamnin' 70-statyasi 6-ba'ntine tiykar baqlaw ken'esinin' aktsionerler uliwma jiynalis ku'n ta'rtibine ma'sele yaki ja'miyettin' baqlaw ken'esi ha'm tekseriw komissiyasi talabanlari dizimine talabandi kiritiwdi ra't etiw haqqindagi qarari u'stinen sudqa shagim beriliwi mu'mkin.

Aktsionerlik ja'miyettin' keminde 10% dawis beriwshi aktsiyalarina iye bolg'an aktsionerler ta'repinen gu'zetiw ken'esinin' aktsionerlerdin' na'wbetten tisqari uliwma jiynalisin shaqiriwdi ra't etiw haqqindagi qarari u'stinen sudqa shagim etiliwi mu'mkin bolip esaplanadi.

# Juwmaqlaw

Aktsionerlik ja'miyetinin' uliwma jiynalisi temasi arqali men to'mendegi piker ha'm juwmaqlarg'a keldim:

1. aktsionerlik ja'miyetinin' uliwma jiynalisi usi ja'miyettin' en' joqari organi bolip, usi organda ja'miyettin' agzalari qatnasiw arqali o'zlerinin' tikkeley qatnasinda korporatsiyani basqariw ha'm ha'm o'zlerinin' ma'plerin a'melge asiriw imkanin beredi.
2. bul uliwma jiynalistin' a'hmiyetli ta'replerinen ja'ne biriuliwma ma'jlisti o'tkeriw ta'rtibinin' nizamda bekkemlenip qoyilg'anligi usi nizam yagniy "Aktsionerlik ja'miyetleri ha'm aktsionerlerdin' huqiqlarin qorgaw haqqinda" gi uliwma ma'jlistin' belgilengen norma tiykarinda o'tkeriwdin' huqiqiy kepili bolip esaplanadi.
3. aktsionerlerdin' uliwma jiynalisi ta'repinen qabil etilgen qararlardin' u'stinen shagim etiwdin' huqiqiy tiykarlarinin' jaratiliwi da usi aktsionerlik ja'miyeti qatnasiwshilarinin' huqiq ha'm erkinliklerin ta'minlewde ayriqsha ekenligin belgilep beredi.

Solay eken bul temani uyrenip shigiw arqali joqarida keltirip o'tilgen pikirlerge keldim. Bul temada aktsionerlik ja'miyetinin' uliwma jiynalisi tu'sinigin, onin' ken' ha'm tar ma'nidegi mazmunin, usi jiynalisti sho'lkemlestiriwshilerin, jiynalisti o'tkeriw basqishlarin, olardi kepillewshi nizamlar sistemasi menen tanisip shigip usi uyrengenlerimdi usi temada jaritip berdim. Bul temani uyrenip shigiw arqali siz da o'zinizdi qiziqtirg'an ha'm zarurli bolg'an tu'siniklerdi ala aldiniz dep oylayman. Sebebi bul temani uyrenbey turip aktsionerlik ja'miyetinin' qanday is alip bariw bagdarlarin belgilew mu'mkin emes bolip esaplanadi. Sebebi usi uliwma jiynalis arqali aktsionerlik ja'miyetti du'ziwshiler usi ja'miyetti basqaradi, onin' tiykarinda jumislarin alip baradi ha'm maqsetin a'melge asiradi. Sol sebepli bul tema menen tanisiw sizge o'z mazmunina iye bolg'an magliwmat bolg'anina isenemen.

## Paydalanilg'an a'debiyatlar

### Basli a'debiyatlar

1. Karimov I.A
   Ozbekiston buyuk kelajak sari.-T.:Ozbekiston, 1999 jil.
2. Karimov I.A
   Bizdan ozod va obod vatan qolsin.-T.:Ozbekiston, 1994 jil.

### Normativ-huqiqiy hu'jjetler

1. Ozbekiston Respubliasi Konstitutsiyasi.-T.:Ozbekstan,2012 jil.
2. Qaraqalpaqstan Respublikasi Konstitutsiyasi. 2003 jil.
3. "Aktsionerlik ja'miyetleri ha'm aktsionerlerdin' huqiqlarin qorg'aw haqqinda" g'i O'zbekstan Respublikasi Nizam, 1996 jil, 26-aprel.

### Tiykarg'i a'debiyatlar

1.Raxmanqulov X.R , Guyamov.S.S
Korporativ huquq.-Tashkent.:2007
2.Korporativ huqiq (lektsiya tekstler), 2008-2009jil
3. I.Zokirov
   O'zbekiston Respublikasi fuqarolik huquqi. T.: „Adolat" 1996